



# Kesyon Moun Poze Souvan Sou Devwa

Lekòl Leta Miami-Dade County

K:

## Ki apwòch Lekòl Leta Miami-Dade County genyen sou devwa?

Genyen anpil diskisyon lokal ak nasyonal konsènan efikasite ak nesesite devwa. Twazan de sa, distri lekòl la te travay avèk dilijans avèk edikatè, administratè, paran e Komite Konseye Patisipasyon Fanmi ak Kominote pou fòmile e mete ajou règ sou devwa yo. Li posib e enpòtan avèk aksan sou kalite olye de kantite e konpleksite olye de longè ak repetisyon. Gen yon nouvo règ ki adrese tout timoun nan e li ofri elèv bon kantite tan pou devlopman fizik, kiltirèl, sosyal ak emosyonèl yo.

K:

## Poukisa devwa nesesè?

Devwa yo bay elèv ki gen siksè angaje elèv pou yo aprann yon fason detèmine, pratik ki satisfè bezwen akademik yo. Devwa ki gen aktivite sou aprantisaj ede elèv konprann konsèp, devlope ladrès pou panse, e konsantre sou aplikasyon nouvo konesans yo.

K:

## Ki kantite devwa ki nesesè?

Edikatè gen diferan opinyon sou kantite devwa ki nesesè pou timoun. Règ Komisyon Konsèy Lekòl la rekòmande minit ki ap suiv yo ki gen ladan devwa sou tout matyè ak pwofesè yo kolektivman pou chak jou lekòl:

**Jadandanfan - 1ye ane eskolè, 30 Minit • 2yèm - 3yèm ane eskolè, 45 Minit • 4yèm - 5yèm, 60 Minit  
6yèm - 8yèm, 75 Minit • 9yèm - 12yèm, 120 Minit**

Daprè machasuiv yo, elèv tad we li tou pandan 30 minit anplis kèlkeswa devwa yo ba yo. Anplis, pwogram espesyalize tankou ar pèfòmans, "gifted" (elèv ki gen don), e/oubyen Chemen Diplòm Entènasyonal (tankou "International Baccalaureate (IB)" (Bakaloreya Entènasyonal), 'Cambridge' oubyen "Advanced Placement (AP)" (Plasman Avanse) 'Capstone') ka resevwa devwa nan nivo ki pi wo akoz kondisyon travay kou oubyen ar pèfòmans ki rijid.

Menmlè Distri nou an kwè nan enpòtans gwo opòtinite akademik atravè devwa angajan e apwopriye, nou dwe pran an konsiderasyon tou bi final la ki se edike e ankadre tout timoun nan. Konsa, nou dwe bay elèv kont tan pou aktivite fizik, sosyal, emosyonèl ak kiltirèl ki asosye avèk bi sa a. Tan avèk fanmi e aktivite deyò salklas souvan ofri elèv opòtinite sa yo. Pandan vakans prentan ak ivè yo, lekòl yo ka bay elèv devwa pou lakay yo ki ka pèmèt travay sa a kontinye.

K:

## Èske pwofesè yo pran an konsiderasyon bezwen endividiyèl elèv lè yo ap bay devwa?

Devwa yo bay elèv alien ak estanda e atant pou ane eskolè/kou elèv yo ansanm ak bezwen akademik yo. Devwa ofri elèv opòtinite pou ranfòse sa yo aprann nan salklas la, pwofesè prepare devwa yo baze sou rezulta aprantisaj ki devlope konpreyansyon elèv sou konsèp yo, devlope ladrès panse yo, e konsantre sou aplikasyon konesans. Devwa yo bay elèv yo angaje yo pou aprann yon fason detèmine, pratik enpòtan ki satisfè bezwen akademik yo, avèk devwa ki mete aksan sou kalite ak konpleksite olye de longè ak repetisyon. Anplis, pwofesè yo ap mete enstriksyon devwa yo klè pou asire elèv yo konprann devwa a. Devwa ka varye pa rapò ak nivo ane eskolè ak pwogram espesifik tankou 'SPED' Gifted oubyen pwogram Diplòm Entènasyonal (IB, Cambridge, AP). Yo pran an konsiderasyon aksè sou teknoloji. Yo ka modifie devwa yo pou akomode elèv ki pa gen aksè sa a.

K:

## Èske paran dwe ede elèv fè devwa yo?

Se pa responsablite paran pou yo bay elèv gwo èd nan fè devwa yo. Men yo dwe ankouraje e sipòte timoun nan fè devwa yo nan yon anviwònman ki ede yo etidyé. Anplis, paran oubyen lòt manm nan fanmi an ta dwe fè tout efò pou yo li pou elèv ki pa ka li poukont yo.

K:

## Poukisa yo fè chanjman nan règ devwa a?

Nou ajiste règ devwa yo detanzantan pou akomode chanjman ak metòd enstriksyon e tandans nan edikasyon. Ogmantasyon salklas ki "flipped" (ranvèse), kote elèv aprann endependan deyò salklas la e pwofesè sèvi ak tan nan klas pou fè eksperyans aprantisaj aktif, pote chanjman nan devwa. Olye yo pase tan deyò lekòl yo ap fè devwa tradisyonèl, elèv gade kou edikasyonèl ak prezantasyon atravè videoyo sou Entènèt ak "podcast" (difizyon sou Entènèt).

K:

## Kisa paran ka fè si yo santi devwa pitit yo twòp, twò difisil oubyen pa ase rijid?

Paran dwe kenbe kontak avèk pwofesè pitit yo konsènan devwa yo bay. Si devwa yo sanble yo twòp, twò difisil oubyen pa ase rijid, paran yo dwe kominike avèk direksyon lekòl la.